



Prezidan Konferans Evèk Yo Mande Administrasyon An Pwolonje Pwoteksyon Pou Ayisyen Ki Ozetazini

29 janvye 2026

WASHINGTON – “Pa gen okenn opòtinite reyalis pou retounen moun Ayiti san danje ak nan lòd kounye a,” se pawòl Evèk Brendan J. Cahill, ki se prezidan Komite sou Migrasyon nan Konferans Evèk Katolik Ozetazini (USCCB), ansanm ak Evèk A. Elias Zaidan, prezidan Komite sou Jistis Entènasyonal ak Lapè nan USCCB.

Deklarasyon Evèk yo vin apre desizyon Sekretè Sekirite Ozetazini, Kristi Noem, pran pou mete fen nan Eitati Pwoteksyon Tanporè (TPS) pou Ayiti, k ap vin efektiv depi 3 fevriye. Desizyon sa a baze sou yon evalyasyon ki fè konnen peyi a pa satisfè kondisyon pou deziyasyon sa ankò. Gen plis pase 300,000 Ayisyen ki kouvri anba pwogram sa Ozetazini.

Depatman Deta Ameriken mete Ayiti sou Nivo 4 nan konsèy vwayaj li—ki se nivo ki pi wo a—paske gen “danje grav ki menase lavi,” tankou kidnapi, aktivite teworis, ak dezòd sivil. Pandan tan sa a, Administrasyon Avyasyon Federal (FAA) entèdi tout vòl soti Ozetazini pou ale nan kapital Ayiti.

Men Deklarasyon konplè Evèk Cahill ak Evèk Zaidan:

“Nou enkyete anpil pou frè ak sè ayisyen nou yo ki ap viv Ozetazini e ki kapab pèdi estati legal yo ak otorizasyon pou travay akòz desizyon Administrasyon an pran pou mete fen nan TPS pou Ayiti. Pa gen okenn opòtinite reyalis pou retounen moun Ayiti san danje ak nan lòd kounye a.

“Nou pa kont lide ke TPS fèt pou l ‘tanporè,’ jan sa souvan itilize kòm rezon pou mete fen nan li. Se poutèt sa nou toujou repete anpil fwa bezwen pou Kongrè a kreye opòtinite solid pou rezidan ki gen TPS depi lontan, kèlkeswa nasyonalite yo, pou yo mande yon estati legal ki pi dirab. Sepandan, toutotan Kongrè a pa reponn a bezwen sa a, e toutotan kondisyon aktyèl yo Ayiti kontinye egziste, se devwa pouvwa egzekitif la pou l ajè avèk jistis ak mizèrikòd.

“Administrasyon Trump toujou gen chans pou l fè sa ki dwat—pou l pwoteje lavi moun, pou l respekte lalwa, epi pou l ankouraje plis estabilite pou moun nan peyi sa a ak lòt kote. TPS se Kongrè ki te kreye li ak objektif sa yo, e sitiyasyon Ayiti jodi a montre byen klè rezon ki fè TPS egziste. Nou ankouraje Administrasyon an pou l ajè kòmsadwa lè l pwolonje sekou vital sa a pou Ayisyen yo.

“Pi enpòtan toujou, nou renouvle solidarite Legliz Katolik Ozetazini ak frè ak sè ayisyen nou yo, kèlkeswa kote yo ye. Nou vire je nou sou Notre Dame du Secours Pèpètuel, Patronn Ayiti, pou entèsesyon li; ke li toujou yon sous fòs ak rekonfò pou pèp ayisyen an.”

###

[View this release on the USCCB website in English.](#)